

Pou Piblikasyon Imedya: 04/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO OUVRI APLIKASYON POU FINANSMAN SANSIBILIZASYON RESANSMAN 2020

***Nan Kad Efò Sansibilizasyon pou Resansman 2020 Eta New York ki Evalye a yon Montan de 60 Milyon Dola Eta New York la, yo te Rann Demand pou Plan yo Piblik Bay Gouvènman Lokal yo pou Aplike pou Pati pa yo nan 20 Milyon Dola ki Disponib nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an***

***Lèt pou Lokalite yo Konsènan Demand pou Plan yo Disponib [Isit la](#)***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke gouvènman lokal yo ka aplike pou pati pa yo nan 20 milyon dola finansman ki disponib nan Bidjè Eta nan ane fiskal 2020 an e destine pou ede asire ke yo teni kont de chak Nouyòkè nan resansman 2020 Ameriken yo. Finansman an antre nan kad efò sansibilizasyon 60 milyon dola Eta a ki gen ladan tou jiska 40 milyon dola nan resous ki egziste deja ki ogmante kapasite pou sansibilize plizyè douzèn ajans Eta yo ak otorite piblik yo.

"Pandan ke administrasyon federal sa a fè meyè de li menm pou simen perèz nan kominote imigran nou yo pou fè tantativ pou anpeche yo ranpli kesyonè resansman an, nou ap batay an retou pou asire ke yo teni kont de chak Nouyòkè konte", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap mete fon sa yo disponib pou gouvènman lokal yo pou yo ka travay avèk òganizasyon lokal yo ki gen ekspètiz sou tèren ki nesesè pou konekte avèk kominote nou yo ki pi difisil pou konte ak ede asire ke New York byen reprezante nan nivo federal la."

Sipò Eta a pou Resansman an fonde sou konklizyon ak rekòmandasyon Komisyon Konplè Eta New York (New York State Complete Commission) la te pibliye an Oktòb la, li ki te òganize 10 odyans piblik epi li te revize plizyè santèn komantè, temwanyaj ekspè ak analiz an pwofondè rezilta resansman avan yo. Komisyon an te jwenn ke Resansman 2020 an ap fè fas ak defi san parèy. Pou premye fwa, yo pral kondi Resansman an prensiplaman anliy, epi pandan ke administrasyon Trump lan echwe nan efò li yo pou ajoute yon kesyon sou sitwayènte nan Resansman an, tantativ li yo pou fè sa te repann laterè pami kominote imigran yo.

Administrasyon Trump lan ak Kongrè a te echwe tou pou yo te finanse totalman operasyon Resansman yo nan ane yo ki mennen jiska 2020 an. Kòm rezilta echèk sa a, Biwo Resansman (Census Bureau) an te oblije redwi depans yo, chanje responsabiltè pou travay sou tèren ki nesesè pou motive patisipasyon nan Resansman 2020 an nan men gouvènman eta federal ak patenè lokal yo. Kantite biwo teren Biwo Resansman Etazini an nan New York te chite soti 35 an 2010 pou 21 an 2020.

Nan 20 milyon dola ki disponib nan Bidjè ane fiskal 2020 an, yo distribye 15 milyon dola bay tout 62 konte yo ansanm avèk vil Buffalo, Rochester, Syracuse, ak Yonkers yo. Chak lokalite ki reponn a demand pou Ekspresyon Enterè ki te relache jodi a pral soumèt yon plan answit ki montre kòman yo pral itilize lajan yo. Yo pral deplwaye rès 5 milyon dola ki rete yo nan ane k'ap vini an pou vize kominote espesifik kote plis sansibilizasyon pral nesèsè pandan ke rezilta ranpli kesyonè Resansman 2020 yo vin disponib.

Yo distribye 15 milyon dola a bay gouvènman lokal yo baze sou yon fòmil ki repoze sou Endis Kominote A-Risk (At-Risk Community Index) Gouvènman an nan Enstiti Rockefeller, yon mezi ki baze sou done nan risk sou-denonbreman, pandan y'ap kontabilize diferans ki genyen nan dansite popilasyon an ak enpak li sou sansibilizasyon lojistik yo. Alokasyon finansman pou konte yo ak vil yo disponib [isit la](#).

Yo pral bay konsèy siplemantè sou ki jan lokalite yo ka devlope plan yo nan yon tan ki pa twò lwen. Konte yo ak vil yo gen 30 jou pou soumèt plan final yo, epi yo pral apwouve prim finansman yo nan fen mwa Janvye.

yo ajoute 20 milyon dola ki soti nan bidjè ane fiskal 2020 sou 40 milyon dola nan resous ki deja egziste yo ke yo deplwaye nan plizyè douzèn ajans Eta yo ak otorite yo pou sipòte yon kanpay sansibilizasyon Resansman atravè tout eta a.

Antite Eta sa yo, gen ladan depatman Travay (Department of Labor), Veyikil ak Motè (Motor Vehicles), Agrikilti ak Mache yo (Agriculture and Markets) ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health), Alkòl ak Toksikomani (Office of Alcohol and Substance Abuse), ak Moun avèk Andikap Devlopmantral yo (Office of People with Developmental Disabilities) ak Empire State Development ak Divizyon Afè Veteran (Division of Veteran Affairs) pral fè sansibilizasyon epi li pral bay enfòmasyon ki gen rapò atravè plizyè milyon kontak yo ak piblik la. Pandan ke Biwo Resansman Etazini an ap bay sèlman tradiksyon pou yon fraksyon nan lang yo pale nan Eta New York yo, anplwaye Eta yo deja resevwa fòmasyon pou itilize Language Line lan, ki bay sèvis tradiksyon sou plas pou plis pase 200 lang. Egzanp sou fason antite Eta a yo pral eksplwate resous yo a gen ladan, men san yo pa limite ak:

- Depatman Travay la, ki atenn plis pase 9 milyon travayè, 550,000 biznis epi ki sèvi plis pase 500,000 Nouyòkè dirèkteman, pral ouvri tout 96 Sant Karyè (Career Centers) li yo kòm sant asistans kote manm piblik la kapab konplete an tout sekirite kesyonè sou Resansman 2020 an anliy. Sant Karyè yo pral Afiche tou enfòmasyon sou Resansman an sou ekran televizyon yo nan sal datant yo, afich ak depliyon yo nan plizyè lang. Depatman travay la te deja fè pwomosyon pou djòb Biwo Resansman an yo nan plis pase 100 fwa sou djòb ak lòt evènman sou rekritman li òganize nan chak rejyon Eta New York la.
- Chak Nouyòkè ki ap viv nan 48 kilomèt de youn nan 64 kanpis SUNY yo epi CUNY ajoute 25 kanpis atravè senk awondisman Vil New York yo, yo tout kapab sèvi nwayo ki konbine efò sansibilizasyon yo avèk resous yo. De sistèm inivèsite yo, gen ladan rezo inivèsite kominotè pa yo, pral kolabore tou avèk Eta a pou asire ke prèske 700,000 etidyan yo a konte. Empire State College la pral ouvri

plizyè douzèn laboratwa òdinatè nan tout Eta a pou manm piblik la itilize pou konplete Resansman an.

- Depatman Veyikil ak Motè genyen 27 biwo distri eta jere ak 94 biwo tèren ke konte jere nan tout eta a atravè yo li atenn anviwon 12 milyon kliyan anyèlman. Yo pral afiche ak distribye enfòmasyon sou Resansman an nan chak kote yo epi yo pral ekipe pèsonèl yo pou pwomouvwa Resansman an nan diskisyon avèk vizitè yo. Li pral apiye tou sou baz done apwoksimativman 4 milyon adrès imèl yo.

Efò sa yo pral bati sou aksyon Eta a deja pran dirèkteman ki te ajoute plis pase 225,000 adrès nan achiv Adrès Prensipal Biwo Resansman an. Anplis, dapre lidèchip Eta New York, gouvènman lokal yo te ajoute epi te korije plizyè santèn milye adrès. Efò sou plizyè nivo, plizyè ane sa a te pwodwi rezilta ki se lidè nan nasyon an. Gouvènè Cuomo te investi tou 500 milyon dola pou eksplwate 1.4 milya dola ki soti nan sektè prive a pou etann entènèt ak gran vitès bay tout Nouyòkè yo avèk prèske 90 pousan finansman ki deja alwe.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)